Gen tès rapid konfidansyèl pou klamidya, gonore, sifilis ak VIH ki disponib nan Klinik Eksprès Sante Seksyèl NYC yo (NYC Sexual Health Express Clinics). Pifò rezilta tès yo disponib nan 24 èdtan oswa mwens.

NYC Health

Pran yon randevou nan Klinik Eksprès la (Express Clinic) lè w eskane kòd QR la oswa lè w ale sou **bit.ly/sti-scheduling**.

Nenpòt moun ki gen 12 lane oswa mwens ki pa gen sentòm enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infection, STI) kapab ale nan yon Klinik Eksprès pou l fè tès. Sèvis yo disponib gratis kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon moun nan oswa asirans li.

Moun ki gen sentòm yo kapab fè tès STI epi jwenn swen nan Klinik Sante Seksyèl (Sexual Health Clinics) NYC yo (sa ki pa eksprès yo).

Pou w pale ak yon pwofesyonèl swen sante sou tès ak swen pou sante seksyèl, rele liy asistans Klinik yo nan 347-396-7959, soti lendi rive vandredi, 9è A.M rive 3:30 P.M.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis NYC ki disponib pou tès ak swen pou sante seksyèl, rele **311** oswa ale sou **nyc.gov/health/sexualhealthclinics**.